ИлъэсыщIэмкIэ дынывохъуэхъу! 2021

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№156 (24.126) ● 2020 гъэм дыгъэгъаз3м (декабрым) и 31, махуэку ● Тхъэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и IэтащхьэКIуэкIуэ К. В. Илъэсыщ Iэм ирихьэлIэу цIыхухэм зэрехъуэхъур

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэу пщIэ зыхуэсщIхэ!

2021 Илъэсыщ Iэр къихьэным къэнэжар мащIэ дыдэщ. Мы дакъикъэхэм дэ тщыщ дэтхэнэ зыми зэпелъытыж кIуэ илъэсыр, къэкIуэнум мурадыщIэжэр хуэзпещэ икIи нэхъыбэрым щогуфэ.

ИкI илъэсыр къыззрымыкIуэу гугъуу щытащ, коронавирус узыфэ зэрыцIалэм зэрызиубгъуар дэтхэнэ зыми и дежкIи гъэунэхуплIэшхуэу щытащ.

Апхуэдэу щытми, ди жылагъуэр зыIууа гугъуехьхэм нэхъри наIуэ къащIащ ар зэрызэкъуэтыр, быдэу зэрызэпыщIар, гъащIэм и лъапIэныгъэ нэхъыщхьэхэм зэрыхуэфащэр.

Дэ дызэкъуэту къызыдонэкI а гугъуехьхэр.

ЦIыхухэм зэхэщIыкI лъагэ зэрахэлъым, медицинэ лэжьакIуэхэм къагъэлъагъуэ лIыхъужьыгъуар дэтхэнэ зыми и дежкIи гъэунэхуплIэшхуэу щытащ.

Апхуэдэу щытми, ди жылагъуэр зыIууа гугъуехьхэм нэхъри наIуэ къащIащ ар зэрызэкъуэтыр, быдэу зэрызэпыщIар, гъащIэм и лъапIэныгъэ нэхъыщхьэхэм зэрыхуэфащэр.

Дэ дызэкъуэту къызыдонэкI а гугъуехьхэр.

ЦIыхухэм зэхэщIыкI лъагэ зэрахэлъым, медицинэ лэжьакIуэхэм къагъэлъагъуэ лIыхъужьыгъуэм и фIыгъэкIэ дэ тхуэзэфIокI хэщIыныгъэхэр дгъэмэщIэн, щытыкIэр едмыгъэкIакIуэн.

Дызэрызэкъуэтыр, Iуэхур зэрефIэкIуэжынур ди фIэщ зэрыхъур, ди къару дыкъызэригъэгугъэ дэ щIэгъэкъуэн къытхуохъу экономикэмрэ социальнэ Iэнатlэмрэ мураду щыдиIахэр зэдгъэхъулIэныкIэ, щытыкIэр сыт хуэдэу гугъуу щымытами, лъэпкъ проектышхуэхэр гъэзэщIэным хуэунэтIа лэжьыгъэр къыхэзгъэк

Илъэсыщ1э махуэхэм фызыхуэсакъыж

КЪБР-м Узыншагъэр хъумэныжмк1э и министерствэм дыгъэгъазэм и 29-м пресс-брифинг щек1уэк1ащ. Зэлущ1эм щхьэусыгъуэ хуэхъуар илъэсыщ1э зыгъэпсэхугъуэм фадэк1э егъэлеиным ык1ышэ мыхъумыщ1агъэхэм щ1ыхуэбэр щ1ыхъума хъун папщ1э, дэтхэнэ зыри зэрызыхуэсакъыжыпхъэм к1ыхъурадджэныращ.

УФ-м Узыншагъэр хъумэныжмк1э и министр Мурашкэ Михаил зэрыжи1эмк1э, къэралым ис ц1ыхухъухэм ящыщу дунейм ехыжхэм я процент 75-р фадэк1э егъэлеиным йолык1. 2020 гъэм ирагъэк1уэк1а къэпщытэныгъэм ипкъ иткIэ, фадэм зыщыдзеин и лъэныкъуэк1э Къэбэрдей-Балъкъэрым Урысейм еплГанэ уВыпГэр щИы-гъщ. Ди ап1э итщ Ингушь, Щэшэн, Дагъыстэн республикэхэр.

«Урысейм хыхьэ щ1ынальэхэм деплъытмэ, дэ фадэк1э е1ыбмыгГэкIеиI кавказ республикитхум я1у дык1ъалъытэ, - щ1ыжи1ащ зэ1ущ1эм Наркологие диспансерым и дохутыр нэхъыщхьэ **Удаловэ Ольгэ**. - Ар къегъэльагъуэ щ1ыIэр нэхъ щ1ытепщэ щ1ыпIэхэм елъытауэ, ди дежи зы нэрыбгэм хуэзэу ящэ фадэхэк1хэм я бжыгГэр зэрынэхъ л1ъахъшэм. И1тани, илъэсыщ1э махуэхэм зэфащэ зэмызэгГа куэд к1ыхъэрытхуашэнум зыхуэдгГэхьэзыр пэтми, дэтхэнэ зыри зыхуэсакъыжыну к1ыхъуддж1э».

Удаловэм и псалъэхэм пищащ республикэм и сымаджэщ нэхъыщхьэм травматологиемк1э и к1удамэм и унафэщ1 **Шэвлокъуэ Аслъэн**: «Уи жагъуэ зэрыхъущи, зи к1ун1щхъэ к1ытауэ к1ытхуашэхэр абы ищы1ужмк1э чэфу к1ыщыщ1эк1ым деж, здэтшэнур дымыщ1эу дык1ъыщынэ к1ыгъуэхуэ. Хъунщ, хуэдзыжыпхъэр хуэздыжащ, хуэшхапхъэр хуэтшхащ, и1анэми фадэм и эзран къезыгъэк1 узыр пкърытщ. Сыт абы епщ1энур?».

Илъэсыщ1э жэщ-махуэхэм дэ1эпык1ъуэгъу псынщ1эм и лэжьыгъэри нэхъ щ1эгъэхуэбжьауэ ирихьэк1ын хуэзыгъэ1ун тепсэлъыхьащ КъБР-м Къэхъукъащ1э к1ыхъэрымык1уэхэмрэ дэ1эпык1ъуэгъу псынщ1эмк1э и медицинэ центрым и дохутыр нэхъыщхьэ **Къардэн Алим**. «Дэ1эпык1ъуэгъу псынщ1эр зы жэщ-зы махуэм л1ъэ1у 250-м нэс игъэзащ1эу мэлажьэ, - жи1ащ Къардэнным. - Илъэсыщ1э махуэхэм а бжыгГэр гъэ к1эси нэхьыбэ мэхъу. Ц1ыхубэм дызэхащ1ык1ыну дыщогугъ. Л1ужьыгъэр зэтрихьа нэужь, дэ1эпык1ъуэгъу псынщ1эм сыхьэтк1и сыхьэтитк1и уежьэн щ1ыхуей к1ыпхуохуэ. Ди гъэнэгъу республикэхэм деплъытмэ, дэ абыхэм дак1ыык1эрухрькъым а л1ъэныкъуэмк1э. Д1ф ф1ыкьыхуэмыныкъуэным нэхъ нэхъыф1 щ1ыщымэк1э, фэмызэгъэн ерыскъыхэк1рэ фадэк1э евмыгъэлеину дыныволъэ1у».

Уз зэрыщ1алэхэм фи л1эжьыгъэр зыгуэру ихьуэжрэ ж1эуу, к1ьек1уэ1ах1эм яз к1ыщ1еупщ1ым, Къардэным ж1ащ: «Дэ дохутыр к1ьеыдж1эхэр к1ьеуым елъытауэ зэхэгъэж тщ1ыкрымы. Сымаджэр сымаджэщ. Уз зэрыщ1алэр ета щхьэк1э, уз гъэт1ыльа зи1эхэр эхуэхьэк1уэ гупЫытэр нэхъ мащ1э хъуак1ым».

Зэ1ущ1эм хэтащ «Гум е1эзэныжмк1э центр» сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэм и к1ыэдзэ **Батыр Заурбэчи**. «Фадэм гум и узыфэхэри к1ьегъэхъеи. Абы к1ыхъэк1ыу, узынщагъэк1э щхьэж и Iуэхур зы1утыр щ1ищ1эжк1э, и Iэпк1ьлъэпкым хуэмышэчынныр тримыльхьэмэ нэхъыф1щ, - к1ыщыхигъэщащ Батырым и псалъэм. - Псалъэм папщ1э, пшэр зэромызэгъыр пщ1эжмэ, щ1эпшхьи щы1эхьым». Ц1ыхуэхэр куэдрэ зэрылЫк1 щхьэусыгъуэхэм ящ «кардиомиопатия» жыхуа1э узыфэр. Ар нэхъыбэм къзыгъэхъеиР фадэхэк1хэрщ. «Псом нэхърэ нэхъыфыр, - жи1ащ Заурбэч, - иджыпсту дэнэк1и щ1ауГ1ыпщ1ауэ щхьэусыгъуэхэм ящ «кардиомиопатия» жыхуа1э узыфэр. Ар нэхъыбэм къзыгъэхъеиР фадэхэк1хэрщ. «Псом нэхърэ нэхъыфыр, - жи1ащ Заурбэч, - иджыпсту дэнэк1и щ1ауГ1ыпщ1ауэ щек1уэк1 «Ди гъусэу илъэсыщ1эр к1ыимыГъхьэ» к1ыхуеджэныгъэм дыхьыхьэныр щ. Ар уз зэрыщ1алэм и щ1ыхьэ щ1ыхьэ1ыгъэ хозяйствэхэм, псори зэхэту, шэуэ тонн 3120-р къэ1ащащ (2019 гъэм елъытауэ тонн 160-к1э нэхъыбэщ), Iэщ1ым л1ыуэ тонн 1611-р къарГъэщтащ (нэГъабэрэйм елъытауэ тонн 600-к1э нэхъыбэщ). Республикэм и гъэмахуэ хъуп1эхэм, псори зэхэту, мэкъумыл1эу щ1ыхэрагъэпэщащ тонн 19514-рэ. Къущхьэхъум ита Iэщыр зыхуей хуагъэзащ ц1ыху 1000-м нэблагъэм (нэГъабэрэйм елъытауэ л1ужьк1уэхэм я бжыгГэм 200-к1э хэхъащ). К1ьыжьIэпхъэщ, республикэм и фермерхэм ящыщ куэдым бГыпГэ щ1ыпIэхэм бдджэнду щ1ы1ыГъ щ1ы к1апэхэр гъэм и сыт хуэдэ зэманми къагъэсэбэпыф зэрыхуэари. КъэдГъэльагъуэмэ, дызэрыт илъэсым кърамыГъэхьижу к1ыррышлъэ щ1ыпIэхэм к1ыранащ I эщ1ыхуэу мин 20-м нэблагъэ, мэлу мин 40-м щ1игГу, шыуэ мини 2500-м нызэрыхьэс.

- Аскэрбий, Къэбэрдей-Балъкъэрыр зэрыщ1ыту къэтщтэнщи, и бгылъэ щ1ыпIэхэм хъуп1эрэ мэкъуп1эу щ1ыхагъэунэхуk1а щ1ы к1апэхэр дапщэ хъур?

- Республикэм Мэкъумэш хозяйствэмк1э и министерствэм и лажьэк1уэхэр КъБР-м ис ц1ыхубэм я ф1эщу йолъэ1у дохутыр дэ1эпык1ъуэгъу хуэмынык1уэн хуэдэу зык1ъ1ыплл1ыжыну.

Дуней псом щрагъэк1уэк1а къэпщытэныгъэм ипкъ иткIэ, Урысейр фадэк1э ерыщ къэралипщ1ым хеубыдэ. Ди жагъуэ зэрыхъуи, илъэсым и к1ыщ1ек1э зы нэрыбГэм хуэзэу фадэжэк1 литр 11-м щ1игГу щ1ыхэрахьэл1э щ1ыпIэхэм хохьэ ди къэралыр. А къэпщытэныгъэм зы Iубыгъуэк1э нэхъ мыхъуми ухуэвэнЫр зэрымыхъумышIагъэр, адыгэм и лъэпкъ хабзэми ар зэримыгъэдахэр ди щ1эджык1ак1уэхэм армырами зэращ1эм шэч закъуи къытетхьэркъым.

ЧЭРИМ Марианнэ.

● 2020 гъэм кърик1уахэр

Гъэмахуэ хъуп1эхэм я мыхьэнэм хохъуэ

Иужьрей илъэсхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъэмахуэ хъуп1эхэм Iэщ щы1ыыГъхэм я Iуэхур щеф1ак1уэ зэпытщ. Ар, даущ, дызыГъэгуф1эщ.

ИДЖЫБЛАГЪЭ дэ телефонк1э зыкъыт пищ1ащ республикэм и гъэмахуэ хъуп1эхэм щы1э штафхэм я унафэщ1, КъБР-м ветеринар медицинэмк1э и центрым и тхьэмадэм и къуэдзэ **Иуан Аскэрбий**.

- К1ыхэгъэщыпхъэщ, гъэ блэк1ахэм хэриубыдэу, республикэм и Iэщ1ыхуэхэм ящыщу юридическэ лъабжьэ зи1э Iуэхущ1апIэхэр к1ыхъэзэгъэпэщ1ахэми уней хозяйствэ зы1ыгъэхэми хъуп1эрэ мэкъуп1эу бгылъэ щ1ыпIэхэм щ1ыдИэ щ1ы к1апэхэр бдджэну к1ыхъэращтэным нэхъ хущ1экъу зэрыхъуар. Абыхэм 2020 гъэм и мэкъуаугъуэ-жэпуэгъуэ мазэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъэмахуэ хъуп1эхэм Iэщ1ыхуэгъэ Iэщ1 щ1ыкIу щ1ы1ыгъьам я бжыгГэр мини 130-м зымащ1эк1э щхьэдэхьрт. КъэдГъэльагъуэмэ, Iэщ1ыхуэхэм я бжыгГэр мин 33,2-м щ1игГуу (мини 2,4-р жэм к1ашщ), мэлхэр - мин 90-м нэблагъэу, щыхэр 6650-м нызэрыхьэсу щ1ытащ. Нэгъабэрэйм елъытауэ, Iэщ1ыхуэм и бжыгГэр - 5642-к1э, мэлхэр - 19298-к1э, щыхэр - 473-к1э нэхъыбащ.

- Гъэшымрэ лымк1э я Iуэхур дапхуэдэу зэрыщытар?

- 2020 гъэм и мэкъуаугъуэ-жэпуэгъуэ мазитхум республикэм и гъэмахуэ хъуп1эхэм Iэщ щы1ыыГъа хозяйствэхэм, псори зэхэту, шэуэ тонн 3120-р къэ1ащащ (2019 гъэм елъытауэ тонн 160-к1э нэхъыбэщ), Iэщ1ым л1ыуэ тонн 1611-р къарГъэщтащ (нэГъабэрэйм елъытауэ тонн 600-к1э нэхъыбэщ). Республикэм и гъэмахуэ хъуп1эхэм, псори зэхэту, мэкъумыл1эу щ1ыхэрагъэпэщащ тонн 19514-рэ. Къущхьэхъум ита Iэщыр зыхуей хуагъэзащ ц1ыху 1000-м нэблагъэм (нэГъабэрэйм елъытауэ л1ужьк1уэхэм я бжыгГэм 200-к1э хэхъащ). К1ьыжьIэпхъэщ, республикэм и фермерхэм ящыщ куэдым бГыпГэ щ1ыпIэхэм бдджэнду щ1ы1ыГъ щ1ы к1апэхэр гъэм и сыт хуэдэ зэманми къагъэсэбэпыф зэрыхъуари. КъэдГъэльагъуэмэ, дызэрыт илъэсым кърамыГъэхьижу к1ыррышлъэ щ1ыпIэхэм к1ыранащ I эщ1ыхуэу мин 20-м нэблагъэ, мэлу мин 40-м щ1игГу, шыуэ мини 2500-м нызэрыхьэс.

- Аскэрбий, Къэбэрдей-Балъкъэрыр зэрыщ1ыту къэтщтэнщи, и бгылъэ щ1ыпIэхэм хъуп1эрэ мэкъуп1эу щ1ыхагъэунэхуk1а щ1ы к1апэхэр дапщэ хъур?

- Республикэм Мэкъумэш хозяйствэмк1э и министерствэм и лажьэк1уэхэр КъБР-м ис ц1ыхубэм я ф1эщу йолъэ1у дохутыр дэ1эпык1ъуэгъу хуэмынык1уэн хуэдэу зык1ъ1ыплл1ыжыну.

Дуней псом щрагъэк1уэк1а къэпщытэныгъэм ипкъ иткIэ, Урысейр фадэк1э ерыщ къэралипщ1ым хеубыдэ. Ди жагъуэ зэрыхъуи, илъэсым и к1ыщ1ек1э зы нэрыбГэм хуэзэу фадэжэк1 литр 11-м щ1игГу щ1ыхэрахьэл1э щ1ыпIэхэм хохьэ ди къэралыр. А къэпщытэныгъэм зы Iубыгъуэк1э нэхъ мыхъуми ухуэвэнЫр зэрымыхъумышIагъэр, адыгэм и лъэпкъ хабзэми ар зэримыгъэдахэр ди щ1эджык1ак1уэхэм армырами зэращ1эм шэч закъуи къытетхьэркъым.

ЧЭРИМ Марианнэ.

Къардэн Мурат и щапхъэ

Адыгэ лъэпкъыр зэрыгушхуэхэм ящыщ зыщ алыджэурым бэнэк1эмк1э Олимп чемпион (2000 гъэм), Дунейпсо кубокыр щэнейрэ къэзыихьа (1992, 1995, 1997 гъэхэм), Европэм щытек1уа (1998 гъэ), иужьк1э Къэбэрдей-Балъкъэрым спортымк1э и министру, республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэу щыта, иджы КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1ым и къуэдзэ Къардэн Мурат.

КЪАРДЭН Мурат сыт щыгъуи фык1э игу къегъэк1ыж гъащ1эм и Гъэгу зауэм тезыгъэувэхэр. Апхуэдэхэм ящыщащ Гъэпл1ащ1э Замири. Аращ бэнэным я1э ткъыбжьхэр щезыгъэжар. Абыкъэ фЫщ1э куэд, бгъэдэлъщ и я1э тренерхэм ящыщу щыта Къалмыкъ Юри.

Мурат и ныбжьыр илъэсипщ1 ирикъуауэ арат я унагъэр Налшык щыI эпхъуам. Дауи, спортым зыщ1ыхуебГъэсэну абы Iэмалхэр щынэхъыбэт ик1и ахэр нэсу к1ыигъэсэбэпащ ныбжьыщ1эм. Псом я1эу Мурат зыхригъэтхащ бэнэк1эмк1э секцэм. Арщхьэк1э зыхэхуар иджыри къэс дзэныхьэхэ бэнэк1э хуитыракъым, ат1э айдж-урым бэнэк1эращ. Зи нэ1э щ1эхуа Лобжанидзе Владимир абы а спорт л1эужьыгъуэр фЫы дыдзу иригъэлъэГуащ ик1и и Iащ1э псок1э зэрихьэужьхэм щымыI эу ищ1ащ.

Чехословакием щек1уэк1а дунейпсо зэхьэзэхуэ иныр Къардэн Мурат и дежк1э зэхэгъэк1ыпIэ инт. Я1э дыдэ зэ1ущ1эм абы къыщ1ыпщ1эхуащ хэгъэрейхэм ящыщ бэнак1уэр. Пашым щ1эсхэр зэрогъэк1ий, мэфий, я спортсмен-ныр трагъэгушхуэу. Мурати Iанкун хъуаУэ и хьэрхуэрэгъум пэщ1ытщ. Абы и ныкъуэкъэгъуми и Iуэхр хэлъэгъуэщ: кьыдэщ1хэм ялъагъуу текIуэну щ1охъуэпс, ауэ кьыхаГъэщ1энк1и хуабжьу мэшынэ. Ар Мурат зыхищ1эщ, чех щ1алэр ипхъуатэри, идзащ. Къардэныр зэрытек1уар пэшым зэрыщагъэ1уар хьэлэмэтуц: «Текъуэныгъэ къабзэр ящ1ыхьащ Къардэн Мурат, Совет Союзым к1ыик1а шэрджэс щ1алэм», - жи1ащ, микрофоныр къищтэри, судья-хъыбарегъащ1эм.

А псалъэхэр зэхэзыха зы щ1алэ зы1эщ1элъ утыкум къилъэдащ, спорт фащэ щыгъыу. Абы Мурат бидзу I эпл1э къыхуищ1ри, къыжри1ащ: «Сэри сыщ1эрджэсщ. Тырхуи и командэ къыхэхам сритренерщ, къыз1эрыз1эджэр Табур Билаллщ. Укъимык1ыут, шынэхъыщ1э, зи уэ дыбдэщ1ынущ!».

Финалым хуэзыша зэ1ущ1эращ Къардэным нэхъ къехьэлъэк1ар. Нэмыц1э бэнак1уэр инт, къарут, ерыщт. Арщхьэк1э ари хигъэщ1ащ, 6:2-уэ.

Адэк1э Франджым къик1ам ефIэк1ын хуейт, дыщэр зы1эригъэхьэн папщ1э. Зэ1ущ1эм и пэ къихуэу дакъик1ахэм Мурат апхуэдизу и гур сабыр, зэпI эзэрытти, текIуэныгъэр къызэрыпэплъэр псэк1э зыхищ1эрт. Пэж дыдэуи, гугъу зыгъэгушхуэу абы и къэрхуэрэгъэ хигъэщ1ащ, ик1и дунейпсо чемпион хъуащ. Зэк1э щ1алэгъуэлэ зэпеуэм. Ильэс т1ощ1 фIэк1а зи ныбжьыр мыхъуа Къардэн Мурат адэк1э къыпэплъэрт и пщ1эр нэхъ л1агъэжу зы1этыну балигъэм я зэхьэзэхуэ гуащ1эхэр.

К1ыик1эгъэк1уэ ильэсым Дунейпсо кубокыр я1эу зы1эригъэхьащ. Иужьк1э т1эунейрэ (1995, 1997 гъэхэм) а ехъулI эныгъэхэр къытригъэзэжащ. 1998 гъэм Европэм и чемпион хъуащ. Зэк1э щ1алэгъуэлэ зэпеуэм. Ильэс т1ощ1 фIэк1а зи ныбжьыр мыхъуа Къардэн Мурат адэк1э къыпэплъэрт и пщ1эр нэхъ л1агъэжу зы1этыну балигъэм я зэхьэзэхуэ гуащ1эхэр.

К1ыик1эгъэк1уэ ильэсым Дунейпсо кубокыр я1эу зы1эригъэхьащ. Иужьк1э т1эунейрэ (1995, 1997 гъэхэм) а ехъулIэныгъэхэр къытригъэзэжащ. 1998 гъэм Европэм и чемпион хъуащ. А псори Олимп къаГапIэм хуэзышэ лъагъуэ дахэт.

Къардэн Мурат 2000 гъэм Сидней зэрыкIуэнур щы-зэхэк1ар Олимп Джэгухэм щ1адзэным махуитху и1эжущ. А лъэхъэнэм алыдж-урым бэнэк1эмк1э килограмм 76-м нэс зи хъэлъагъэхэм я деж щынэхъыфIу к1ал ы1этэ Мишиныр зыгъэгушхуэ абы и Австралием к1ыэ гъуэгур абы къыщ1ыхуэз1уахар.

Игъащ1э Къардэн Олимпиадэм хэтыну зи хъуэпсапIэ адыгэ щ1ал эм къыхуэкъуэк1а Iэмалыр нэсу к1ыигъэсэбэпащ. Сидней и алэрыбГъуэхэм къыщ1ыпэщ1эува и хьэрхуэрэгъу псоми ар еф1эк1ащ. Псом хуэмыдэу удэзыхьэхт к1эух зэ1ущ1эр. Абы къыщ1ыпэщ1этащ Америкэм и Штат Зэгуэгъэхэм къик1а бэнэк1эращ. 1998 гъэм Европэм и чемпион хъуащ. А псори Олимп къаГапIэм хуэзышэ лъагъуэ дахэт.

Къардэн Мурат 2000 гъэм Сидней зэрыкIуэнур щы-зэхэк1ар Олимп Джэгухэм щ1адзэным махуитху и1эжущ. А лъэхъэнэм алыдж-урым бэнэк1эмк1э килограмм 76-м нэс зи хъэлъагъэхэм я деж щынэхъыфIу к1ал ы1этэ Мишиныр зыгъэгушхуэ абы и Австралием к1ыэ гъуэгур абы къыщ1ыхуэз1уахар.

Спортым хэк1ыжа иужьк1э Къардэным къ1ыкъущхуэ зыбжанэ къыхуагъэфэщащ ик1и дэтхэнэри фЫы дыдэу, и акъылрэ щ1ыгуГэрэ пэлъэщу зэрехьэ. Ар ильэс зыбжанэк1э Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президентым, иужьк1э Унафэщ1ым и къуэдзэщ. Мурат педагогикэ щ1эныгъэхэм я кандидатщ, спортым щ1ыхь зи1э и мастерщ, Щ1ыхь орденыр зэрехьэ. Ар лъэпкъри Хэкурри зэрыгушхуэ, зэрыпагэ адыгэлI нэсщ.

Зы1эригъэхьэн папщ1э. Зэ1ущ1эм и пэ къихуэу дакъик1ахэм Мурат апхуэдизу и гур сабыр, зэпI эзэрытти, текIуэныгъэр къызэрыпэплъэр псэк1э зыхищ1эрт. Пэж дыдэуи, гугъу зыгъэгушхуэу абы и къэрхуэрэгъу хигъэщ1ащ, ик1и дунейпсо чемпион хъуащ. Зэк1э щ1алэгъуэлэ зэпеуэм. Ильэс т1ощ1 фIэк1а зи ныбжьыр мыхъуа Къардэн Мурат адэк1э къыпэплъэрт и пщ1эр нэхъ л1агъэжу зы1этыну балигъэм я зэхьэзэхуэ гуащ1эхэр.

К1ыик1эгъэк1уэ ильэсым Дунейпсо кубокыр я1эу зы1эригъэхьащ. Иужьк1э т1эунейрэ (1995, 1997 гъэхэм) а ехъулIэныгъэхэр къытригъэзэжащ. 1998 гъэм Европэм и чемпион хъуащ. А псори Олимп къаГапIэм хуэзышэ лъагъуэ дахэт.

Къардэн Мурат 2000 гъэм Сидней зэрыкIуэнур щы-зэхэк1ар Олимп Джэгухэм щ1адзэным махуитху и1эжущ. А лъэхъэнэм алыдж-урым бэнэк1эмк1э килограмм 76-м нэс зи хъэлъагъэхэм я деж щынэхъыфIу к1ал ы1этэ Мишиныр зыгъэгушхуэ абы и Австралием к1ыэ гъуэгур абы къыщ1ыхуэз1уахар.

Спортым хэк1ыжа иужьк1э Къардэным къ1ыкъущхуэ зыбжанэ къыхуагъэфэщащ ик1и дэтхэнэри фЫы дыдэу, и акъылрэ щ1ыгуГэрэ пэлъэщу зэрехьэ. Ар ильэс зыбжанэк1э Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президентым, иужьк1э Унафэщ1ым и къуэдзэщ. Мурат педагогикэ щ1эныгъэхэм я кандидатщ, спортым щ1ыхь зи1э и мастерщ, Щ1ыхь орденыр зэрехьэ. Ар лъэпкъри Хэкурри зэрыгушхуэ, зэрыпагэ адыгэлI нэсщ.

◆ КъШР-м и цIыхубэ, КъБР-м щIыхь зиI э и артист **Шумахуэ Хьэзэрбий** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.

◆ Биологие щIэныгъэхэм я доктор, ЩIДАА-м и академик, АР-м, КъШР-м, КъБР-м, Кубаным щIэныгъэмкIэ щIыхь зиI э я лэжьакIуэ **Щоджэн Iэсхьэд** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокъу.

Щ1ышылэм и 6, *бэрэжьей*

◆ ТхакIуэ, журналист, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиI э и лэжьакIуэ, КъШР-м щIыхь зиI э и журналист **Даур Жэхьфэр** и ныбжьыр илъэс 90 ирокъу.

◆ КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ **Къагьырмэс Борис** къыззралъхурэ илъэс 86-рэ ирокъу.

Щ1ышылэм и 7, *махуэку*

◆ **Хьисэ Бегъымбарыр къыщ1алъхуа махуэщ**

Дирижёр, УФ-м щIыхь зиI э и артист **Щэбэтыкъуэ Натбий** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.

◆ Истамбыл дэт Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Озмен (Хеймащэ) Орхъан** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.

◆ Къэрал къулыкъущIэ, хьэрычэтыщIэ, УФ-м и КъэралДумэм и депутат **Быф Анатолий** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.

Щ1ышылэм и 8, *мэрем*

◆ Политик, УФ-м ФедерацэмкIэ и Советым хэта **Къэжэр Альберт** къыззралъхурэ илъэс 56-рэ ирокъу.

Щ1ышылэм и 9, *щэбэт*

◆ **1951 гъэм** Нью-Йорк (США) къыщыззэIуахащ ООН-м и хэщIапIэр.

◆ УсакIуэ, Iуэрыдуэтэдж **Джэдгъэф Хъусен** къыззралъхурэ илъэс 89-рэ ирокъу.

◆ КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиI э и лэжьакIуэ **Санэ Иринэ** къыщалъхуа махуэщ.

◆ КъБР-м щIыхь зиI э и журналист **Хьэжыкъарэ Алик** къызэралъхурэ илъэс 65-рэ ирокъу.

Щ1ышылэм и 10, *тхьэмахуэ*

◆ **1943 гъэм** Дзэ Плъыжьым Кисловодск къалэр нэмыцэфашист зэрыхъуажу1эхэм къа1эщIигъэкIыжащ.

◆ **1946 гъэм** Лондон къыщыззэIуахащ ООН-м и Ассамблеи Нэхъыщхьэм и я1э зэ1ущ1эр.

◆ «Черкес плъыжь» (иджы «Черкес хэку») газетым и я1э редактор нэхъыщхьэу щыта **Уэхъутэ Анзор** къызэралъхурэ илъэси 106-рэ ирокъу.

◆ ТхакIуэ, драматург, Iуэрыдуэтэдж, КъБР-м и цIыхубэ артист **Къардэнгъущ Зырамыку** къызэралъхурэ илъэси 103-рэ ирокъу.

◆ Мэкъумэш щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Шукай ФатIимэ** къыщалъхуа махуэщ.

Щ1ышылэм и 11, *блыщхьэ*

◆ **ФIыщIэ щыным и дунейпсо махуэщ**

◆ **Урысейм и мэзгъэфIэнхэмрэ (заповедникхэмрэ) лъэпкъ парк хэмрэ я махуэщ.**

◆ **1917 гъэм** Урысейм къыщыззрагъэпэщащ я мэзгъэфIэныр-Баргузин щIыпIэм (Бурятие) псэущхьэхэр хъумэным хуэщIа къэрал Iуэхущ1апIэм лэжьэн щыщIидзащ.

◆ **1943 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэрыр нэмыцэ-фашист зэрыгъэкIуэнущ1эр щIыгъэкIыжащ.

◆ **1943 гъэм** советыдзэхэм Псыхуабэ, Железноводск, Минеральные Воды къалэхэр хуит къащIыжащ.

◆ **1995 гъэм** УФ-м и Къэзыбж Палатэр къызэрагъэпэщащ. Абы и я1э унафэщIу яГъуващ **Къэрмокъуэ Хьэчим**.

◆ Адыгей тхакIуэ, драматург, зэдзэкIакIуэ **Цей Ибрэхим** къызэралъхурэ илъэси 131-рэ ирокъу.

◆ ПшынауэIэ Iэзэ, РСФСР-мрэ КъБАССР-мрэ я цIыхубэ артисткэ **Къашыргъэ К1ырацэ** къызэралъхурэ илъэси 122-рэ ирокъу.

◆ ТхыдэщIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессору щыта, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиI э и лэжьакIуэ **Медалы Хьэчим** къызэралъхурэ илъэс 96-рэ ирокъу.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Псэр зэхъуапсэр дахэщ.



Вы Хужьым и илъэс

2021 гъэм Щыр Вы хужьым и жьауэм щIэувэнущ. Выр хьэлкIэ зэпIэзэрытщ, Iущщ, псэ быдэщ. МыпIащIэу, тегушхауэ и мурадым хуэкIуэ псэущхьэщ. 2020 гъэм Дзыгъуэм хуэзфэкIыр щыгъэхищIыхьами, дунейр и щхьэр и лъабжьэу зэрирагъэдзэкIами, Вым псори пIалъэ кIэщIкIэ и пIэ иригъэувэжьнущ, мылькукIи, псэкIи, узынщагъэкIи гугъу ехьахэм яригъэIуэтэжынущ.

АСТРОЛОГХЭМ зэрыжаIэмкIэ, дызытехьэну илъэсыщIэр гупсэхугъуэрэ зэпIэзэрытыныгъэкIэ гъэнщIауэ щытынущ. Абы пащIэ Выр екIуэ-ешхыу къеГъэблагъэн хуейуэ аращ.

И хьэлкIэ мы псэущхьэр хуэмщ, кIыхьлIыхьщ, ауэ ищIа мурадыр зэзыгъэхъулIэщ, къыпэщылъ Iуэхум и зэфIэхыкIэ хъунур и кIэм нэс зэзыгъэзахуэщ. Ар къэгубкьрэ и хъуреягъыр зэтрикъутэн щIидзэмэ, абы фIэкIыпIэ зимыIэ щхьэусыгъуэ гуэр иIэу аращ. Абы и гурылъ, гукъыдэж игъэлъагъуэу и хабзэкъым, и гум тенджыз щхьащIукъубеяуэ щытми.

Выр пжагъ зыхэлъ псэущхьэщ, фэрыщIкъым. И гум илъыр зэрыщыт дыдэм хуэдэу кьеIуатэ. Абы и Iущагъымрэ зэпIэзэрытагъымрэ гулъытэ хэха хуэфащIрэ 2021 гъэм абы фытетыфмэ, Iэзху мыщхьэпэ куэдым пэIэщIэ фыхъунущ.

Илъэсыщ1эр къыщихьэ пщыхьэщхьэм унэр къабзэу зэлъыIухауэ щытын хуейщ, фызыхуэмеиж, къэвмыгъэсэбпыж унэльащIэ фиIэмэ, хьфIэвдзэ, щыгъын фхуэмыкъужхэр фтыж, унэм леи зыри щIэвмыгъэлъ. А пщыхьэщхьэм гъэ къакIуэм и жьантIэдэс хъунум пщIэ зэриIэр вгъэлъэгъуэн хуейщ. Вы теплъэ зиIэ дамыгъэ цыкIуэхэмкIэ унэр, псейр вгъэщIэращIэ хъунущ. Фи Iэкlэ фщIыжа хьэпшыпхэри игу дыхьэнущ.

Лъжьыгъэм сытым дежи епха Вым фэри зыкъыззэревгъэлъагъунур апхуэдэущ. Абы щхьэхьнэхэр фIэфIкъым. Губгъуэм сыт щыгъуи ит псэущхьэ пIащэр шхэнуи фIэфIщ. ИлъэсыщIэ пщыхьэщхьэми Iэнэ уэздам щыгуфIыкIынущ. Ауэ фIэмыкфIрэ имыщIыхуэ тефлъхьэну иужь фимыхьэ. КIэртIофымрэ хадэхэкIым къыхэщIыкIа салатымрэ зыщIвмыгъащIэ. Пхъэщхьэмыщхьэ тепщэкI Iэнэкум ивгъэувэ. КъищыкъыщIауэ, мыр Iэфыкlэ зыфIэфI «тхьэмадэщ», кIэнфет, фо, дэ, чыщмыщ, кхъуейлъэлъэ хуэдэхэр гурыхь щыхъунущ.

Вым уи Iэкlэ пщIыжа сыт хуэдэ хьэпшыпри фIэхьэлэмэтынущ. Абы къыхэхIыу, ильэсыщIэ пшыхьым фщыгъыну бостейр фэ вдыжауэ щытмэ, нэхъ нэ лейкIэ къывэплъынщ зыхуэIуа щыIэкъым. Ауэ абы плъыжь зэрыфIэмыфIыр зыщывмыгъэгъупщэ, а плъыфэм псэущхьэр хуабжьу кьеГъэгубжь, и пIэми къришу жыпIэ хъунущ.

Фи благъэхэм, Iыхьлыхэм ильэсыщIэ саугъэтхэр щахуэвгъэхьэзырIэ, Выми и гуапэ хъунымрэ жагъуэ щыхъунымрэ къэфIытэ. Псэущхьэ гуэрым и фэм къыхэщIыкIа хьэпшып унэм щызеввмыхьэ, ар абы игу иригъэхьнукъым. Ауэ езым и сурэт зытет, и плъыфэр къэзыгъэлъагъуэ хьэпшыпхэр идэнущ, саугъэту зэфтми зытригъэгъуэнукъым. Къапщтэмэ, 2021 илъэсым и Iэтащхьэм саугъэтхэр, тыгъэ цыкIуфэкIухэр фIэфIщ, ауэ ахъшэшхуэ зытекIуадэ, тыгъэ лъапIэхэр игу иригъыщэркъым. Ар къэзылэжьыр зи унагъуэ изыгъэкIуэдэж, ахъшэ зэбгрызымыпхъ псэуакIуэшхуэщ.

Псом нэхърэ нэхъыщхьэр Вым унагъуэм псори фызэхуэсыжрэ зы Iэнэ фыпэрытIысхьэмэ нэхъыфIщ. ФызэгурыIуэрэ фызэдэIуэжу, фызэдэгушхуэрэ фызэдэгушIэу ильэсыщIэр къивгъэхьэмэ, Вым и нэфI къыщIухуэнурэ 2021 гъэр насыпыфIэу, узынщэу, мамыру ефхьэкIынущ.

НЭщIэпыджэ Замирэ.

● ГуфIэгъуэ Iэнэм

Гуэгушыл гъэва

Мы ерыскъыгъуэр щапщIэфIыр щIымахуэрщ. ФIыуэ гъэкъэбзэ, тхьэщIа гуэгушыр шыуанымрэ ирахьхъэ, щIигъанэу псы хуабэ щIакIэ, пэшхьэкум трагъэувэри, мафIэ иным тету зэ къытрагъэкъуалъэ, тхъурымбэр чымчыркIэ къытрахыурэ. ИтIанэ мафIэр цыкIу ящI, шыгъу хадзэри, шыуаныщхьэр тепIауэ ягъавэ, ныкъуэвэфI хъухукIэ. Адэкlэ тIууэ зэгуэупщIыкIа бжьынышхьэ укъэбза, шыбжий сыр халъхьэри хьэзыр хъуху ягъавэ. Шыуаныр хьэкум къытрахыкри, гуэгушыл вар дакъикъэ 15 - 20-кIэ лэпсым хагъэлъ. ИтIанэ лэпсым къыхах, хьэкъущыкъу лам иралъхьэ, шыгъу трагъэщэщэж, и щхьэр трапIэри, щIыпIапIэ ягъэври ягъэдий. Гуэгушлэпсыр къагъэсэбэн шыпс, хьэнтхъупс иращIыну. Гуэгушыл дияр зэпкърахри, тепщэчкIэ Iэнэм трагъэувэ. Бжьыныхуэ-шыгъу дытрагъэувэ. ПIастэ щIыIэ даших.

Къаз гъэжьа, мыIэрысэ илъу

Къаз уклар ягъэкъабзэ, и кIуэцIыр кърах, псы щIыIэкIэ фIыуэ ятхьэщI, и пщэ пытыпIэр е зэгуадэ е папхькI. Нэгэгъуэри тхьэмщIыгъуэри ятхьэщI. МыIэрысэхэр мыин дыдэуэрэ кьыхащIыпыкIри, ягъэкъабзэ: якIэхэр кьрач, я нэбжьыц цыкIухэр пач, псы щIыIэкIэ ятхьэщI. МыIэрысэхэр зыуупщIати щIыIэщ, ауэ япэм адыгъэхэм апхуэдэу ящIу щытакъым, щыжьэкIэ и псыр къыщIэмыжьын щхьэкIэ. Къаз гъэкъэбзам шыгъу фIыуэ щахуэ, Iэмал зэриIэкIэ и фэр уIэн хуейкъым. Абы и кIуэцIым нэгэгъур, тхьэмщIыгъур, мыIэрысэр иралъхьэ, псы щIыIэ иракIри мастэ-IуданэкIэ зэгуадэж. И щIыбыр егъэзыхауэ ар тебэ куум иралъхьэ, псы щIыIэ тIэкIу щIакIэ, хьэкулъэм ирагъэувэри, мафIэ мыгуащIэкIэ сыхьэт 1,5 - 2-м нэскIэ яГъажьэ тхъуэпIэ хьуху. Щыжьэкlэ и фэр тримысыкIын щхьэкlэ зэзэмызэ псывэ текIэн хуейщ. Езым къыщIэж псыр е дагъэр текIами хъунущ. Къазылыр жьамэ, и куэпкъым гуахъуэ е сапэ хэпIымэ, щабэу хьхьэнущ. Ар хьэкулъэм кърахыжри, и щIыбыр егъэзыхауэ тепщэчышхуэм иралъхьэ, Iуданэхэр къыхахьж, и кIуэцIым илъэрри кърахьж. Къазыр Iыхьэ-Iыхьэу зэпкърах. Iэнэм щытрагъэувэкIэ мыIэрысэр яупщIатэ, абы и щIыIум къазыл Iыхьэхэр тралъхьэ, къыщIэжа псыри дагъэри траклэж. ЩIакхъуэ и гъусэу пщтыру яшх. Мы ерыскъыр Аруан, Джылахъстэней щIынальэхэм хуабжьу щыцIэрыIуэщ.

Халъхьэхэр (цIыхуитху Iыхьэ):

Къазу - 1

МыIэрысэу - грамм 1500-рэ

Къаз кIуэцIым иракIэ псыуэ - грамм 460-рэ

ЩыжьэкIэ тракIэ псыуэ - грамм 200

Шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.

КЪУБАТИЙ Борис.

● Нэщэнэхэр

Уэзрыпежьэм хуэдэущ зэрекIуэкIынур

♦ **Дыгъэгъаэзэм и 31-м хьэкъущыкъу пкъутэныр, унагъуэм исхэр зэфIэнэныр фIыкъым.**

♦ **Илъэсыжьым и иужьрей махуэм уи жагъуэ къэзыщIахэм яхузбгъэгъун, уэ псоми арэзы уахуэхъун хуейщ.**

♦ **Щыгъуэ зытелъхэм япшыныжьын хуейщ щIышылэм и 1-р къэмыс щIыкIэ, армыхъумэ гъэ псор щIыхуэ къащтэу ирахьэкIыну къалъытэ.**

♦ **Дыгъэгъаэзэм и 31-м, жэщ ныкъуэм сыхьэт 12-р къыщеуэкIэ щIыхуэхэм я хъуэпсапIэхэр ягу ираубыдэмэ, къадэхъуну ябж.**

Псалъэзэблэдз

***ЕкIуэкIыу*: 1.** Ищхьэ къытет унафэщIым щытхъупс къригъэжэхым, зыхуигъэщхъым, хуэIуэхутхъэбзащIэуэрэ ... хъарзынэ Iужажэм зыIэригъэхьащ. **3**. Куэдым унэм щаIыгъ псэущхьэ: убэлэрыгъамэ, гъэшым кIэ пхуритынущ. **5**. Сыти жьIи, къуэш ... нэхърэ ныбжьэгъуфIыр нэхъ къыпхуэщхьэпэнущ. **6**. А пхъэщхьэмыщхьэ цыкIур апхуэдизкIэ гуащIэщ, тэмакъыр щеубыдыкI, Iур зэрегъалъэ. **7**. ЯхузэфIэкIами! Жэмхэми, шыхэми я фэ изых а бадзэжьхэм я нэ вагъуэр ирагъэльагъужынт. **8**. А хьэкIэкхъуэзкIэм уIумыуэмэ нэхъыфIщ, фIы хэпхынукъым. Ауэ, фо фIэфI дыдэщи, зы фалъэ из хуэбгъэувмэ, укъыфIэIуэхунукъым. **10**. Иджы моднэжу къамылъытэ адыгэ къэфэкIэ. **11**. А пхъэщхьэмыщхьэ пIыхьжь цыкIунитIэм хуэдэ зы фалъэ из уетIысылэкIи зумыгъэнщIынри хэлъщ: и купкъыр инщи, егъуи пэт, пшхьн щIагъуэ кIэрыпIкъым. **13**. Дзэлыкъуэ щIынальэм къыщIхъуа пелуан: зы-пумышэмэ нэхъ уи фейдэщ; бэнэныкIэ дуней псом и чемпион зыбжанэрэ хъуащ. **14**. Школым щемыджэфми, еджэну хэмеймИ ар хуагъэув хабзэщ. **15**. Кэдым я гугъэщ уэзыдэмыхьа къуэладжэм ... дзэу. Ауэ къопIэкIэр. **17**. ЗаконкIэ ар птынуи къеIыпхъынуи ухуиткъым, тутнакъ ущIынущ. Ауэ къулыкъушхуэ щIэнэцIкэмрэ зи жьипIр зэи из мыхъухэмрэ тутнакъэщми щышынэркъым, «дапэщIэхуэнкъым» жьыхуаIэу. **18**. А псэущхьэр нэхъапэм адыгэлIым и ныбжьэгъу пэжу щытащ. Иджы адыгэлIу зызыбжьмэжэм я нэхъыбэм я ныбжьэгъу пэжыр автомашинэ екIущ. **20**. Хьэрэмыл ишхыурэ езым и лым ар тез хъуащ. **21**. Дзыгъэр а нартыху хъуманIэм ихьамэ, жэнэтым и курыкупсэм къыщIыхутауэ къыщIохьу. **22**. ... щIыкIэ къыумыгъэшмэ, уэ уIщ бжэгъу хьуа иужь къэгъэщыжи. **23**. ... зимыIэм дзажэпкъ иIэу жаIэ. **25**. АпхуэдизкIэ и мыпкъум тегужьеикIащи, кIэпIейкIэм ... трепIытIэ. **28**. Ухуейми гъэунэху, ар пашэ пхузхъумэ, узыхишэнур вэнвейрщ. **29**. Налмэс тхьэгъу щIэхъуэпсрэ уи лым ухуэгъыу гущабэ къэпщIу кьебгъащэхуну ухуейрэ уи нэпсыр къыпхуащIэмыгъэкIмэ, ар укъэбз, убзыти - уи мурадыр къохъулIащ. **32**. ЩIыху щIыкIум зэи яхуримыкъу тхьилъымпIэ: кэуду зиIэм игъэбэгъэну хущIокъу, мащIа фIэкIа зыкъуэмылъым сыт ищIэн - зэрегъэзахуэ. **34**. Дизыкъуажэ апхуэдизкIэ щхьэщIтхъущ, пцIыупсщи, и шыпхэм ... трипхэу зекIуэм къикIыжауэ еIуатэ. **35**. ЗэрыжаIэмкIэ, насыпынышэр ... тесми хьэ къодзакъэ. **36**. Уи мэкъу Iэтэр тэмэму зэщIумыбгъамэ, а жьыкIэрахъуэм ипхъэтэнщи, бгъуэтыкмэ къащтэ - губгъуэм щрикъухьынщ.

***Къехьу*: 1**. Къэрал мылъкум щэхуу хэIэбэм, къамыщIэм, хэIэбэм, хэIэбэурэ ... хъуащ. **2**. АбыкIэ хьэм уеуэкIэ, хуищIэу игъэузми, гъынукъым. **3**. Япэ ... ущIэмынакIэ, пщэдей уэ къыпщыщынур пщIэркъым. **4**. Адыгэ хабзэм щыщ Iыхьэ: нэхъыжь куэдым зэрыжаIэмкIэ, иджырей щIалэгъуалэм дежкIэ ар моднэжжкъым. **7**. ЗэрагIэтэжымкIэ, зи ныбжькIэ мыщIалэж цIыхубэ гуэр абы иплъэри, жьыфэ къытеуауэ къыщыфIэщIым, тридзэри икъутащ. **9**. Яныныкъуэ щIыхухъуэм зэрыжаIэмкIэ, цIыхубзым уи ... епхьэлIэн кIэ Iэмал иIэкъым - уиIуэтэжынущ. **10**. Зил къыпщIэмыуэзым, уи жьэр бгъэузу, уи ... хуумыIуатэ: щай фIыцIэжьу укъридзэнукъым. **12**. А тхьилъымпIэ ахъшэм совет зэманым щIалэжьищ ресторанымрэ укъыщIигъэсынут. Иджы-щэ? Утемыпсэлъыхьмэ нэхъыфIщ. **13**. Колхозым и ... бжьигъэм фIыуэ хигъэщIамэ, лэгъупэжьым дыгъуасэм трелъхъэ. **16**. ... бжьакъуэм тес аргъуейм, и напIэр мыхуадэу, «довэ» жиIащ. **17**. Зыщщышынэм имылъагъумэ, кхъуэр ... докI. **18**. Жэмыр бгым щыхури иукIати, ар гъуэгащ «сэ къыдызагъэпъэфыжьынущ» жери. **19**. Жэщым ефауэ щэдым хэукIурия лым эзым хуэдэу фIыуэ щIэзыкIа гуэр къытеуевати кIэлъыщхьадащ: «Уэзытеувэр умылъагъу ущIефэр сыт, ... узэрихуэрэ?» **22**. АпхуэдизкIэ куеийщIейщи, зы медани зэгъэнукъым, дэлъей-кьелъыхьныр и щIасэщ, хадэм ильадэмэ жыгыщIэ цIыкIуэхэр «еухъуэнщI». **24**. « ... нэлат, хьэрэм Алыхьым фхуищI!» и джэдкъэзыр фIэзэшых румынхэм ебгащ нанэр. **26**. ... лъакъуэ щIэмыту жаIэ, ауэ ар белджылы хъуху, ягъэпудыну хэтахэм мащIэ я фэ дэкIпI. **27**. ИлъэсыщIэ жэщым сабийхэр ягъэгуфIэн папщIэ зи гъащIэм пагъэкI жыгыщIэ цIыкIу. **30**. АпхуэдизкIэ дырийпсырийщи, ... тесу псым йопыдж. **31**. Фызитl зэфIэнам я зыр адрейм ещащ: «Унажэ укъысхуэжауэ къыуфж къомыр сыт? Уи ... къыщIыхуэ!» **32**. Зигъэпатэу бжэн хъущэм хэт «начальник». **33**. Дуней и хабзэраща, ... зышхар псы йофэж. Ауэ ... яшхын ипэ абы емыгупсысыр гъунэжщ.

Зэхэзылъхьар **МЫЗ Ахьмэдщ.**

● Къуалэ

Псом нэхърэ я нэхъ дахэ

Дыщэджэдыр (павлин) планетэ псом щынэхъ дахэ къуалэбзущ. Абыхэм ятет цы цIуугъэнэ щхьэхъэIэпIыкIэмрэ дахэу гъэщIэрэщIа я кIапэмрэ дуней псом щаIэт. Апхуэдэ дыдэу фафIэщ икIи гуакIуэщ дыщэджэд хужьри. Абыхэм я кIэр сантиметр 50 махуэ. Я кIапэр зэрыкIыхьым къыхэкIыу щIагъуэу лъэтэфыркъым. Зыщ1Iэт зззэмызэми гугъу ехьу апхуэдэщ. Ахэр щылъатэр шынагъуэ гуэр хэхуамэщ. Пэжщ, езыми абы зыкъом егъэшынэф и кIапэ кIыхьымкIэ. А и кIэм тет «нэхэм» хьэкIэхъуэкIэхэр щигъащтэ щыIэщ.

Дыщэджэдхэм макъ зэмыщхьэр яIэщ, ауэ уэрэдкIэ Iэзэкъым икIи кърашыркъым. Блэ къэубыдыныкIэ а къуалэбзухэм нэхъ нэхъ Iэзэ щымыIэу ялъытэ. Языныкъуэ къэралхэм унэм щагъэхъу дыщэджэдхэр икIи блэ къэубыдыныкIэ сэбэп мэхъу.

ПЩЫБИЙ Сулътан.

● Гушыщэхэр

Нэгъабэрей мафIэгу

- Папэ, къащIэт, сыт хуэдэ мафIэгура псоми къакIэрыхуэр?
- Сыт хуэдэ, си къуэ цIыкIу?
- Нэгъабэ илъэсыщIэм тыгъэ къыссухэнщIыну сыкъызэрыбгъэгугъар.

Ди деж япэ кърес

Дыгъэгъаэзэм и 31-м щIалэ цIыкIур и анэм бгъэдохьэри жриэ:

- Мамэ, сыхьэтыр 12-м и ныкъуэ хъумэ, ину: «Илъэсыщ1э! Илъэсыщ1э!» - жыдгъэIэ.
- Ар сыт щхьэкIэ?
- Ди гъунэгъухэм ирагугъэ илъэсыщIэр ди деж япэ къэсауэ.

ТIу сиIэнущ

Илъэсыщ1эр къихьэным махуитI иIэжу анэшхуэм и къуэрылъхур къыхуащащ. Гъэгъум иригъэзэща сабийр куэд дэмыкIыу жеящ. Къэуша нэужь сабийм гъын щIидзащ. Анэшхуэр абы бгъэдыхьэри:

- Умыгъэмэ, Уае Дадэм машинэ тыгъэ къыпхуиущIынущ, - жриащ.
- Пэжуи?! - къэгуфIащ сабийр. - ИтIанэ машинитI сиIэнущ.
- Дэнэ тIу къыздикIынур? - игъэщIэгъуащ анэшхуэм.
- ЕтIуанэр уи гъуэлъыпIэ лъабжьэм щIэлъу къэзгъуэтащ.

МафIэс

Илъэсыщ1эм къахуеблэгъа хьэщIэхэм ежьэжьын Iэхуу зэрахуэртэкъым, заГъэгубэрт. Унэгуащэр езэшати, и хьэщIэхэр кIуэжмэ, нэхъ кIыщтэрт. Ауэ сыт ищIэнт, ирихужьэжьынт - хабзэм зригъэхьу ябгъэдэст. Абы хэту телефоныр кьеуащ. Унэгуащэр Iэнэм къыпэрыкIри, телефоныр кьытрихащ. Псэлъэн ихауэ къыщIигъэзэжьым, зэуэ игу къэкIри:

- МафIэс! МафIэс къэхъуащ! - жиIэу кIиящ.
- Дэнэ къыщыхъуар? - щIэупщIащ псори зыжьэу.

- Тэмэму зэхэсхакъым, ауэ фэ гупым щыщ гуэрым и дежщ.

ПыIэ

ЗэныбжьэгъуитI зопсалъэ:

- Сыт ИлъэсыщIэм сиГъэу къыпхуащIар?
- Мо щхьэгъубжэ лъабжьэм щIэт машинэр плъагъурэ?
- АтIэ. Машинэ дахэщ.
- Мис абы и плъыфэм ещхьыркъэпсу пыIэ.

ИлъэскIэ зегъэпсэху

ЕгъэджакIуэр сабийхэм йоупщI зыщIэхъуэпс Iэщ1агъэмкIэ. ЦIыкIухэм зэпеуэу кърабжэкIащ Iэщ1агъэ зыбжанэ. Псом иужь дыдэ Инал къопсалъэр:

- Сэ Уае Дадэ сыхьуну сыхуейт, - жеIэ.

- Сыт щхьэкIэ? - щIоупщIэ егъэджакIуэр.
- Абы и лэжьыгъэр сигу ирохь. Зы тхьэмахуэ мэлажьэри, илъэс псокIэ зегъэпсэху.

Зэзыдзэкlар **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Иэщ.**

● Гупсысэр - псалъэкIэ

Уэ умакъамэщ

Уэ умакъамэщ. Псалъэ хэмыту... си хьэуам щэхуу зыхэппхъэщ.

Уэ умакъамэщ. ЩIыуэпсым щэхуу ухэтIысхьащи, сыпIейтеижыркъым - сыпщIодэIу. Укъыстощащэ. Уэ умакъамэщ. Мы си Iэпкъльэпкъым льэнтхуэу ирикIуэм ухызогуашэ. Ухызогуашэри, хуиту собауэ. СыкъэощIэращIэ, гъащIэм сыпохьэ, уи псэм сыIуощIэ. Зыри жумыIэу, си гум ущыIэу, уэ умакъамэщ.

Уэ умакъамэщи, си хъуреягъыр хьэндырабгъуэ минщ. НапIэр щысIэткIэ, си Iэгу илъэтыр хьэндырабгъуэ хужьщ... Сыту ужьжьэ... сыту ухуэм... сыту усщщ! Уэ схуэпхьумащ си гъащIэр. Уэ сыпщIэдэIуурэ, гъащIэм сыхохьэ. Си хъуреягъыр лъэс лъагъуэщ. Уэ сыпщIэдэIуурэ, си пIэм сыкъонэ, уэ сыкъыпхуонэ. Хузму къэкIуатэ. Зыри жумыIэу, псори къызэIуэкIыж. Уэ умакъамэщ.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

● ЖыIэгъуэхэр

Iуэхутхьэбзэ зыщIэм гукъанэ хуащIыркъым

■**ФIы блэжьамэ, фIыщIэ умылъэхъуэ.**

■**ФIыр фIыщIэ зымыщIым фIыщIэ хуэфащэкъым.**

■**Хабзэм уелъэпауэмэ, уи лъапэр пиудынщ.**

■**ЩIыхуэгъэ зыжэлъым къимылэжьа щытхъур хэзагъэркъым.**

■**Хъуами мыхъуами, гъащIэм къытригъэзэжыркъым.**

■**ЦIыхуфIыр фIы ищIар зыфIэкуэдыркъым, - ищIа фIыр зыфIэмащIэрщ.**

■**ЩIыху нэхърэ нэхъыфIи нэхъ Iеи дунейм (псэущхьэ) теткъым: и псэри къуитыфынущ, уи псэри хихыфынущ.**

■**ЦIыхур цIыху зыщIыжыр напэрщ. Напэ здэщIымыIэм цIыху щыIэжкъым.**

■**Бий наIуэм пэуви, бий щэхум зыщIыхьумэ.**

■**ЩIхьэщIтхъум и пщIэр жьыжьэ нэсыркъым.**

■**Iуэхутхьэбзэ зыщIэм гукъанэ хуащIыркъым.**

■**Акъыл кIэщIыр кIыхьу мэпсалъэ.**

■**ЩIытхъу зыхуэмыфащэр нэгъуэщIым щытхъурейкъым.**

■**БжэгъукIэ къозауэм Iэштымкlэ упэмыув.**

■**Гууэ зыхэлъ псалъэм гушыIэ фIэпщ хъунукъым.**

■**Губжьыр гъэтIыси, унафэ щIы.**

■**Губзыгъагъэм къыхуэзыджэр куэдым, губзыгъэр мащIэщ.**

■**Гуэзэвгъуэм зыдэбгъэшыху, нэхъри уегъэш.**

■**Делэм уемыныкъуэкъу - губзыгъагъэ къыпыпхынукъым.**

■**Езым жиIэр зыфIэмызахуэ псори мызахуэм хэзыбжэр куэдрэ щоуэ.**

ГУБЭЩIыКI Владимир.

Дыгъэгъаэзэм и 26-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкIуэкIыу: **5**. Ахъшэ. **6**. Джэду. **7**. Бжьыгуэ. **10**. Къарэ. **11**. IумпIэ. **12**. Мел. **14**. Гуанэ. **16**. Церп. **19**. Хьэбзэгу. **21**. ТхъэлъэIу. **22**. Махъшэ. **25**. ЕкIэпцIэ. **27**. Одессэ. **30**. Хуарэ. **31**. Урыху. **32**. Уэм. **34**. КIагуэ. **36**. ПщыIл. **39**. КIэнтхъ. **40**. Нащэ. **41**. Къумыкъу.

Къехьу: **1**. Балъкъ. **2**. Пшэр. **3**. Лэкъум. **4**. Шухьэ. **8**. Жьым. **9**. Гъэл. **13**. Ету. **14**. Гущэ. **15**. Назэ. **17**. Ерэн. **18**. Пшэ. **20**. Гуращэ. **21**. Ташло. **23**. Епэр. **24**. Деур. **26**. КIэху. **28**. Сэху. **29**. Бгъэ. **32**. Унэ. **33**. Мет. **34**. КIанэ. **35**. Гущэ. **37**. Щимэ. **38**. ПIакъуэ.

● Зэманым и лЫхъужь

Махуэ Билал и Олимп

Японием и къалащхьэ Токио 2020 гъэм бадзэуэгъуэм и 24-м къыщызэуахын хуеящ XXXII Гъэмахуэ Олимп Джэгухэр. Абы хэтыну икIи щытекIуэну хуабжьу щIэхъуэпсыр адыгэ бэнакIуэ цIэрыIуэ, дуней псом щэнейрэ и чемпион Махуэ Билал. Коронавирус уз зэрыцIалэм и зэранкIэ Олимпиадэр илъэскIэ игъэIэпхъуащ. Ауэ ди лъахэгъур Олимп чемпион хъуащ!

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 14-м и пщэдджыжьым дгъуэта дэржэгъуэр пщыхьэпIэ Iэфым хуэдэт. Интернетым кьыпIэригъэхьа хъыбар гуапэр ди фIэщ мыхьуу кьытедгъэзэжурэ мызэ-мытIэу щIэдджыкIыжащ. НэгъуэщI щIыпIэхэм кьыщытпъыхъуащ ар щIэзыгъэбыдж Iэхъугъуэхэр.

Пэжт! Допинг къэпщытэныгъэхэр щIэрыщIэу ирагъэкIуэкIыжу 2012 гъэм Лондон щекIуэкIа Олимп Джэгухэм бэнэкIэ хуитымкIэ килограмми 120-м нэс зи хьэпъагъэм я зэхьэзэхуэм кьрикIуахэм хэплъэжа иужькIэ Дунейпсо Олимп Комитетым дыщэ медалыр яхуигъэфэщащ Махуэ Билалрэ Ираным щыщ Гасеми Камейлрэ.

Спорт бэнэкIэмкIэ зы хьэпъагъым тIу зэуэ щытекIуауэ кьыщалъыта Олимп зэхьэзэхуэ иджыри къэс щыIакъым. Арщхьэкlэ гъэмахуэ кIуам апхуэдэу кьэхъуащ. Абы и щхьэусыгъуэри гурыIуэгъэщ: Инджылызым и къалащхьэм илъэсий и пэкIэ и финалым щыбэнахэу Узбекистаным и щIыхьэр зыхъума Таймазов Артуррэ куржы пелуан Модзманишвили Давитрэ, допинг кьаГъэсэбэпауэ хьалытэри, я дыщэ, дыжьын медалхэр трахыжащ. Ахэр зратынур ягъэбелджылыным илъэс ныкъуэм щIигъу трагъэкIуэдащ. ЯпэщIыкIэ ар нэхъ хуэфащэу къалытащ Олимп чемпион хъуауэ щыта Таймазовым бэнэнэ Гасеми. Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэ зэрыщыIэр кьыщащIэм, Урысейм Спорт бэнэкIэмкIэ и федерацэм хуэфэщэн тхыльхэр игъэхьэзырри, МОК-м иригъэхьащ, иран щIалэми хуэдэу, 2012 гъэм Олимпиадэм ещанэ увыпIэр кьыщызыхьа Махуэ Билали «чемпион» цIэ лъапIэр мынэхъ мащIэу зэрыхуэфащэр щIигъэбыдэу.

Ди фIэщ хъущэртэкъым урысей спортсменхэр дэнэ щыпIи хэутэн щащI, медаль эмылIэужьыгъуэхэр куэду кьыщытрахыжу дыззэрыт лъэхъэнэ гугъум адыгэ щIалэм и Iуэхум фIы кьикIыну. ПсомхуэмыдэУ 2020 гъэм и пэщIдзэм допинг-офицерхэм Махуэр кьаззэрыпэщIэхуар кьэпIныытэмэ. Арщхьэкlэ, Кьытщхьэщытыр - захуащащ! Куэд щIауэ зыщIэхъуэпса лъагапIэр илъэсий дэкIа иужькIэ Билал кьекъулащ.

Кьэхъуам кьыпхуегъэгъэзэжыфынукъым, ауэ Махуэ Билал хьэрэмыгъэкIэ Олимп чемпионыгъэм зэрыхуэкIуэ гъуэгум 2012 гъэм кьытрамыгъэкIуэтамэ, а зэманми дыщэ медалыр и Iэрыльхьэт. Уеблимэ, Лондон щыIа Олимп Джэгухэм щытекIуа Таймазов Артуребэнами, Билал а осетин щIалэм зэрыплъэщыпур кьыщигъэльэгъуат Олимпиадэм и пэ кьихуэу зэхэта дунейпсо чемпионатым и финалым. Таймазовыр щытридзэри, Махуэр абы ещанэу чемпион щыхъуат.

Лондон кьыщихьа домбеякъ медалыр Билал япэщIыкIэ дыжьыныкIэ, илъэс дэкIри дыщэкIэ хуахъуэжащ.

ЗИ НЫБЖЬЫР илъэс щэщIрэ щым ит Махуэ Билал бэнэныр щигъэтыну иджыри и мурадкъым. Бэнэкlэ хуитрами UFC-м и профессионал лигэрами ар мыгувэу утыку кьыззэрыщихьэжьыным шэч хэлъкъым. Дапхуэдэу щытми, дуней псом щэнейрэ щытекIуа, Олимп чемпион адыгэ щIалэм щIэупщIэшхуэ зэриIэнум шэч хэлъкъым.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Мы махуэхэм Адыгейм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Ставрополь крайм, Осетие Ищхъэрэ - Аланием, Абхъазым щагъэлъагъуэ Мэздэгу адыгэхэм ятеуха «Вековые традиции моздокских кабардинцев» документальнэ фильм гъэщIэгъуэн.

Мэздэгу адыгэхэр дегъэцIыху

● Щэнхабзэ

ИЛЪЭС 250-рэ и пэкIэ Джылахъстэнейм иIэпхъуэкIыу Тэрч и сэмэгурабгъу Iуфэм, Мэздэгу щеГIысэха къэбэрдеипщхэмрэ абыхэм я блыгуащIэтхэмрэ кьатепщыкIауэ нобэ а щIыналъэм ис ди къуэшхэмрэ ди шыпхъуэхэмрэ я щыIэкIэпсэукIэм теухуа фильм текьиныр япэу зигу кьэкIар Ставрополь щIыналъэм щызэхэт «Адыгэхэр» шэрджэс щэнхабзэ центрым и унафэщI Шыбзыхьуэ Юрэщ. Юрэ крайм щылажьэ Лъэпкъ Iуэхуэмрэ казачествэмкIэ и комитетым зэхуигъаззэри, и мурадыр кьыдаIыгъащ икIи мылъкукIэ зыкъыщIагъэкъуащ.

ЗэдеIэр лъэщIу жьхуаIэрати, Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и журналист, шэрджэс дунейм щыщIэрыIуэ теленэтынхэр езыгъэкIуэкI ТIэш Светланэ зыщыхуагъаззэм, «хьэуэ» кьыхихьэжькIакъым. Илъэс 30-м нэсауэ дуней псом текъуэха адыгэхэм ятеуха фильмхэр, репортажкхэр тезых, проект гъэщIэгъуэнхэр утыку кьизыхьэ Светлани дихьэхырт Ставрополь крайм и Курской районымрэ Осетие Ищхъэрэ - Аланием и Мэздэгу щыналъэмрэ щыпсэу ди лъэпкъэгъуэм ящыхьну. Америкэм, Израилым, Иорданием, Сирием, Австриемрэ, Германием, Тыркум, нэгъуэщI къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэр хэкурысхэм езыгъэщIыхуа TIэш Светланэ 2020 гъэм дунейр зэщIэзыщта пандемием кьигъэувыIакъым. Мэздэгу адыгэхэм яхьыхьэри, я IуэхущIафэ, ныбжьыщIэхэр, я Iуэхущ Мэздэгу кьалэм, Азэней, Иналхьэблэ, Русское жылIэхэм, - кьыддогуашэ Светланэ. - Хуабжьу хъыбар куэд икIи гъэщIагъуэн зэхуэтхъэсащ а махуэхэм. Тхыдэмэ дыхуеплъэкIыжащ, иджырей гъащIэри къэдгъэлъэгъуащ, я псэукIэм епха Iуэхугъуэхэри зддгъэщIащ. Куэд щыгъуаззэкъым мэздэгу адыгэхэм дин зэмыщхь зэрызэрахьэм - иныкъуэр мусЫымэнщ, иныкъуэр чыристэнщ. Чыристэнхэм члисэр я тхъэелъэIуIэщ, мусЫымэнхэр лъэмэнхэр мэжджытым йокIуалIэ, ахэр зыдэт къуажэхэр гъунэгъу дыдэу зэпэщысщ. Ауэ зыщ нэхъыщхьэр - мусЫымэнхэри, чыристэнхэри гурэ псэкIэ адыгэщ, зэрахьэр адыгэ хабзэщ, зэрыпсалъэр адыгэбзэщ. Ахэр псори нэхъ гъунэгъу зэхуэзыщIыр адыгагъэращ. Арагъэнщ тетха фильмым купщIэ хуэхъуари. Иналхьэблэ, Аазней жылIэхэм дыщыщылэжьа пIалъэ кIэщIым ныбжьыдзэу дэ тлъэгъуащ нэхъыщIэхэм нэхъыжьым пщIэ зэрыхуащIыр, цIыхубзхэр цIыхухъуэхэм я гъусэу Iэнэ зэрымытIысыр, нысащIэхэр тхъэмадэр зыщIэс пэшым зэрыщIэмыхьэр, адыгэ шхыныгъуэхэр зэрапщэфIыр, нэгъуэщIхэри. Мыбыхьэм зэхэгъэж яIэкъым - мусЫымэнрэ чыристэнрэ жаIэу, ахэр зэрошэ, унагъуэ зэдаухуэ, зэгурыIуэу зэдопсэу. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, псом япэ ирагъэщыр я лъэпкъ зэхэщIыкIымрэ адыгагъэмрэщ, я хабзэ зехьэкIымрэ адыгэбзэмрэщ.

TIэш Светланэ зэрыжиIэмкIэ, махуищым къриубыдэу сыхьэти 10 трахащ, бзылъхугъэхэр зэрыпщафи, ныбжьыщIэхэр зэреджи, цIыхухъуэхэр зэрылажьи - зыри къаГэнакъым. Абы кьыхахьжри, дакъикъэ 70 хъу документальнэ фильмыр дунейм кьытехьащ. Ар дыгъэгъазэм хэгъэгухэм щагъэлъэгъуащ, иджы «Адыгэхэр» шэрджэс щэнхабзэ центрым и ютуб каналым фыщеплъыфынущ.

- ЩIыналъэкIэ дызэпэмыжьыжьэу, ауэ ди хъыбар апхуэдэу зэрымыщIэу дыкъэкIуэкIащ мэздэгу адыгэхэмрэ дэрэ, - кьыддогуашэ Юрий. - Сэ сытым дежи сфIэгъэщIэгъуэнт абыхэм я псэукIэр, мусЫымэнрэ чыристэну зэрызэхэсыр, я къэкIуэкIыкIам и тхыдэр, нэгъуэщIхэри. Ди щэнхабзэ центрыр Дунейпсо Адыгэ Хасэм хьыба нэужь, Мэздэгу жылагъуэ зэгуэхьныгъэри кьыхагъэхьати, абы дыщызэрыцIыхуащ, хъыбархэр зэIэпытх хъуащ, уеблэмэ, махуэшхуэхэр, зэIущIэхэр ди щхьэусыгъуэу дызэкIэлъокIуэ, дызздолажьэ. ДызыхэпсэукI пIалъэр къэщIэрэщIэжьиныгъэм и лъэхъэнэу жыпIэ хъунущ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, щIалэгъуалэм я лъэпкъ зэхэщIыкIыр нэхъ къэушащ, социальнэ сетьхэм хъыбар щызэIэпахьырэ, дэнэ щыпсэури зэрощIэ. Мис апхуэдэ Iуэхугъуэхэм кьыхэкIыу тIэкIу нэхъ тIэщIэхуа мэздэгу адыгэхэр утыку кьитшэжьну, абыхэм я хъыбар куэдым кьедгъэщIэну ди мураду фильмыр техьным иужь дихьауэ зэращ.

«Адыгэхэр» шэрджэс щэнхабзэ центрым гъэ къэс фестивалхэр кьызэрегъэпэщ, ди лъэпкъэгъуэм ятеуха Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэ куэд утыку кьрехьэ. Ауэ 2020 гъэм пандемием и зэранкIэ цIыхуэхэр щызэхашэ зэхьихьэшхуэхэр ирагъэкIуэкI хъуатэхъыми, фильмыр трахащ. Абыкlэ щIэгъэжьуэн кьыхуэхъуа псоми фIыщIэ яхуещI Шыбзыхьуэ Юрий икIи хуэарзэщ лъэпкъ щхьэхуэныгъэхэр хьумэн зэрыуейр кьагурыIуэу абыкIэ сытым дежи закъыщIэзыгъакъуэ Ставрополь крайм и унафэщIхэм.

КЪЭБАРТ Мирэ.

Куэд зыщыгуфIыкI илъэсыщIэ тыгъэ

● Лъэпкъ проектхэр

Ди щыналъэм шэщIауэ щолажьэ УФ-м и Президентым къыхилъхьауэ щыта лъэпкъ проектхэр. Дгъуэт зыужьныгъэм и джэлэсу кьалытэ а Iуэхугъуэзэхэм кьапыкI фIыгъуэ куэд щыщохьэлIэ нобэрей гъащIэм. Апхуэдэхэм ящыщщ Бахъсэн щыналъэм илъэсыщIэм и пэ кьихуэу хьэзыр щыхъуа сабий гъэсапIэщIэхэр.

ЩIыпIэм щыпсэухэр щогуфIыкI псори зэхэту сабий 200-м нэс зыщыта щыкIыгъыну а гъэсапIэхэм. Абыхэм языныкъуэкэр куэд льакIэдзэ лажьэ Iуэхущ1апIэхэм кьыгуащIыхьащ, адрейхэр щIауэ яухуащ. Апхуэдэу, Зеикъуэ дащIыхьащ илъэсиий иримыкъу ныбжьым ит сабий 60 зыщIэхуэну гъэсапIэщIэ. Ухуакlуэхэм зэфIагъэкIащ унэ кIуэцI лажьыгъэхэр, гъэсапIэм и щIыбри зэрахьащ. Зыхуэят хуагъазэ Iуэхущ1апIэм и пщIантIэр, абы къедза щIыпIэр. Зи гугъу тщIы сабий нэхъ щыкIу дыдэхэм хуэщIа Iыгъыпlэ щацхуащ Хьэтlохъущыкъуей, Куба къуажэхэм. Ислъэмей жылIэм иджыблагъэ къыщыззIуахащ апхуэдэ етIуанэ Iэнатlэщlэ. А гъэсапIэхэр къыщыхуэзыпIэщIащ унэлъэпкъэмкIи, техникэщIэкIи, абыхэм хэтщ шхапIэ, пщэфIапIэ хъарзынэхэр, гуфIэгъуэ зэхуэсхэр щрагъэкIуэкI хуэныкъуэ пэшышхуэхэр, сабийхэм я узынщагъэм щыкIэлъэпIуфIэ медицинэ пэшхэри.

А лэжьыгъэфI псоми я лъабжьэр «Демографие» лъэпкъ проектыращ. Абы и федеральнэ Iыхьэу бзылъхугъэхэр лэжьапIэ Iэнатlэкlэ кьызэгъэпащыныкъым зи ныбжьыр илъэсиий 30-м нэсыкIу цIыкIуэхэм гъэсапIэхэм екIуэлIэн Iэмал егъэгъуэтыныкъым хуэгъэпсам кьыщIэгъэльэгъуащ ахэр. Бахъсэн щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ Къэзан Заур зэрыжиIэмкIэ, сабий нэхъ цIыкIуэр щагъэгъын, абыхэм щакIэлъыплъын Iуэхущ1апIэщIэхэр кьызэIуха зэрыхьум и фIыгъэкIэ, бын зыгъуэта бзылъхугъэхэр нэхъ пасэу пэроувэжыф я Iэнатlэхэм икIи я Iэщlагъэ и лъэныкъуэкIэ ябгъэдэлъ зэфIэкIэм куэд хэмыщIу лэжьыгъэр яублэжьыф, унагъуэри зыхуей нэхъ хуэзэу мэпсэуф.

Фигу къэдгъэкIыжьынщи, дызытепсэлъыхь «Демографие» лъэпкъ проектыр 2019 - 2024 гъэхэм ди къэралым щылэжьэну траухуащ. Абы хьихьэ федеральнэ Iыхьэхэм ящыщщ «Бын зыгъуэт унагъуэхэм мылъкукIэ ядэIэпыкъун», «Бзылъхугъэр лэжьыгъэ Iэнатlэкlэ кьызэгъэпэщын», «Ди нэхьыжьхэр», «Жылагъуэм узыншагъэр щыгъэбыдэн», «Спортыр псэукIэм и къабзэу гъэувын», нэгъуэщIхэри. А унэтIныныгъэхэм кьыщыгъэльэгъуа Iуэхугъуэхэр кьызыхуэтыншэу зэфIэгъэкIа хъуным толажьэ ди республикэм и унафэщIхэр. Абы и щыхьэт наIуэхэм ящыщщ сабий нэхъ цIыкIуэхэм папщIэ ди щIыналъэм кьыщызэIуах гъэсапIэщIэхэр.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Аргуэру зы махуэгъэпс

● Гъуэзджэ

Дызытехьэну 2021 гъэм и адыгэ махуэгъэпс зэIуэзэпэщ къыдигъэкIащ адэжь Хэкум къэзыгъэзэжыну зи мурад ди лъэпкъэгъуэм я дэIэпыкъуэгъуу Канадэм щылажьэ Адыгэ Хасэми. Ар нэгъуэщI къэралхэми къыщыдагъэкIауэ щызэбграгъэкI Европэм и щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм, Америкэм и Штат Зэгуэтхэм, Къуэкlыпlэ Гъунэгъум, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгеим, ди лъэпкъэгъуэр зэуIуу щыпсэу адрей щIыналъэхэм.

АДЫГЭ махуэгъэпсыр сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуагъэзащ икIи ар саугъэт папщIэуи хьэщIэщыр зэрагъэдахэ хьэпшыпуи къэщхьэпэнущ. Абы елэжьащ ди республикэм и дизайнер цIырыIуэ Щоджэн Жаннэ. Мазэ пщыкIутIым тещIыхьауэ зэбгъэдэкI хъу махуэгъэпсым кьыщыгъэлъэгъуащ ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэм къыддекIуэкI пасэрей Iэмэпсымэхэр, тхыпхъэхэр, дуней псом кьыщащта ди лъэпкъ бзылъхугъэ фащэхэр, зэрызагъэдахэ хьэпшып тельыдджэхэмрэ цIугъэнэхэмрэ, нэгъуэщIхэри. Махуэгъэпсыр Iэпэгъу зыхуэхъуну дэтхэнэми а сурэтхэм кьыщ щаIэрыгъэхьэнэм ехьэлIа Iуэху дагъэхэм псапащIэхэри кьыпэкIуэнущ. Апхуэдэхэщ щIэныгъэм кьыхэжанымкI студентхэм, анэдэлъхубзэм теухуа зэпеуэхэм щытекIуа ныбжьыщIэхэр гъэгуфIэнри, Сирием къинауэ дэIэпыкъуэгъу хуэныкъуэ е абы кьиIэпхъыкIыжа ди лъэпкъэгъуэхэм хъэрычэт Iуэху цIыкIуэхэр кьызэIуахынымкIэ ядэIэпыкъуныр, нэгъуэщIхэри.

Махуэгъэпсыр зыIэрызыгъэхьэну зи мурадхэр фепIащIэкI, сыту жыпIэмэ, ди республикэм щызэбграгъэкIыну кьашам и бжыгъэр куэд хъурхъуи! Ар кьыщцвгъуэтынущ адыгэ шхыныгъуэхэр щагъэхьэзыр «Пейлэ» шхапIэмрэ (Нэгумэ Шорэ и цIэр зезыхьэ уэрам №76-м) «Пэрыт» Хасэм я хэщIапIэмрэ (Нэгумэ Шорэ и цIэр зезыхьэ уэрам №45-м).

ТЕКIУЖЬ Заретэ.



Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЩIЭ Мухьэмэд

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ кьатхэр.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А
12+

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хунтыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.
Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894
Тираж 2.000
Заказ №2811

Лъэпкъ, хасэ дамыгъэхэр, къэбэрдеипщхэм я бэракъэхэр бгъэхэIу зыщIар Тхьэкъуахъуэ Iэуесщ.